

## **PWOGRAM PATHWAY HOME Fèy Enfòmasyon pou Kliyan yo (Haitian Creole)**

### **Kisa Pwogram Pathway Home la ye?**

Pathway Home se yon pwogram ki pèmèt fanmi ak moun ki kalifye pou yo vin rete nan menm kay ak zanmi oswa manm fanmi yo ("fanmi dakèy"). Pathway Home ka ede w soti nan chèltè pou tounen nan kominate a, oswa evite chèltè si Depatman Koreksyon (DOC) an lage ou epi si ou ranpli kondisyon pou kalifye yo, pi vit ke posib lè y ap bay fanmi dakèy ou a pèman chak mwa pou rive jiska 12 mwa. Pwogram lan ouvri pou tout fanmi oswa pou tout moun ki elijib ki rete nan chèltè pandan omwen 90 jou oswa pou moun ki ranpli kritè pou pwogram DOC a.

➤ **Pwogram lan bay fanmi dakèy yo pèman chak mwa ki rive jiska \$ 1200, \$ 1500 oswa \$ 1800, tou depann de kantite moun kap viv nan menm kay avèk ou.**

### **Kijan pou mwen aplike?**

Ou dwe ranpli yon fòm aplikasyon, epitou ou dwe idantifye yon kay ak fanmi dakèy ki kalifye pou patisipe nan pwogram nan. Fanmi dakèy ou idantifye a dwe ranpli fòm yo tou, epitou yo dwe bay dokiman pou ajoute avèk aplikasyon ou. Moun ki responsab oswa k ap jere dosye ou a, espesyalis lojman ou, oswa travayè sosyal ou ap ede ou ranpli yon fòm aplikasyon, epitou y ap ede ou rasanble dokiman ki nesesè yo. Apre ou soumet aplikasyon w lan oswa demand ou an, Administrasyon Resouzimèn (HRA), Depatman Sèvis pou moun ki sanzabri yo (Department of Homeless Services, DHS) oswa founisè ki nan kominate ou a pral fè w konnen si gen lòt enfòmasyon ki nesesè.

HRA ak DHS ap detèmine si ou kalifye dapre faktè sa yo:

- Ou ap viv nan yon chèltè DHS pandan 90 jou oswa plis **oubyen** ou gen yon referans pou CITYFHEPS.
- Ou kalifye pou pwogram espesyal DOC la.
- Revni total moun k ap viv lakay ou pa depase 200% nivo povrete federal la.
- Ou gen yon dosye Èd Lajan Kach ki Aktif oswa ki inik.
- Ou idantifye yon kay ki admisib ak yon fanmi dakèy (gade obligasyon pou kay la pi ba a).

### Kòman pou mwen aplike (kontinye)?

Si ou te prezante yon lòt demand pou chèltè nan 10 jou apre dènye tan ou te pase nan chèltè a pou 90 jou oswa plis, HRA ak DHS ka anile egzijans pou tap viv nan yon chèltè nan moman an.

➤ **Si ou kalifye kounye a pou CITYFHEPS ou pral toujou kapab sèvi ak yon sipleman èd pou lwe yon lojman Vil la pou al rete nan pwòp apatman ou menm si w ap patisipe nan pwogram Pathway Home nan kounye a pou al jwenn fanmi oswa zanmi, si ou kontinye ranpli kritè pou elijib oswa pou kalifye yo.**

### Ki kondisyon ki genyen pou kay kote mwen vle ale a?

Pwogram lan disponib sèlman pou fwaye (gwooup moun ki abite ansanm) ki kalifye yo ki pral rete nan yon fanmi dakèy. Kay kote ou prale a ak fanmi dakèy an dwe satisfè kèk kondisyon, tankou sa yo ki pi ba a:

- Fanmi dakèy la dwe gen ladan lokatè prensipal la oswa pwopriyetè kay la (zanmi ou oswa manm fanmi ou).
- Se anplwaye DHS / HRA ki dwe enspekte kay la pou konfime ke pa gen okenn pwoblèm sante oswa sekirite epitou kay la pa ta dwe gen twòp moun si ou ta vin rete ladan l.

### Ki pèman fanmi ki akeyi mwen lakay li a ansanm ak mwen pral pral resevwa?

Vil la pral fè pèman chak mwa dirèkteman bay fanmi dakèy ou a oswa mèt kay la si w ap resevwa yon sipleman èd pou lwaye. Kantite lajan an ap baze sou kantite moun ki nan kay la, jan sa endike nan tablo ki pi ba a. Men, si lokatè prensipal la (fanmi oswa zanmi ou) resevwa èd lajan kach, kantite lajan Minisipalite Vil la ap peye a ka pa depase obligasyon pèman total lokatè prensipal la pou kay la mwens alokasyon-lojman ke lokatè prensipal la oswa pwopriyetè a jwenn atravè èd lajan kach.

Oumenm ak fanmi dakèy ou a ka resevwa tou yon kat kado \$ 300 si ou ale nan yon pwogram Homebase nan 60 jou apre ou vin rete nan kay la epitou finansman an disponib aktyèlman.

Tablo Pwogram Pathway Home Nan			
Èd Lajan Kach Kantite moun kap viv nan kay la	1 oswa 2	3 oswa 4	5 oswa plis
Pèman chak mwa Pou fanmi dakèy la *	\$1200	\$1500	\$1800

\* Kapab gen restriksyon lè lokatè prensipal oswa pwopriyetè a resevwa Èd Lajan Kach, jan sa ekri pi wo a, oswa lè kay fanmi dakèy la se lwaye ki estabilize l oswa kontwole l.

Enfòmasyon ki nan dokiman sa a bay yon apèsi jeneral sou pwogram Pathway Home nan. Enfòmasyon yo pa la pou bay tout detay sou pwogram nan.